



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

BESE DEPANS POU CHOFAJ YO: GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI AKSÈ AK ÈD POU CHOFAJ KAY POU SITWAYEN KI AJE YO

Lejislasyon S.8760A/A.9369A gen rapò ak idantifikasyon ak enskripsyon patisipan nan pwogram EPIC ki elijib pou asistans HEAP yo

Remete lajan nan pòch granmoun aje Nouyòk yo, epi redwi depans pa yo ki gen rapò ak chalè ak enèji yo

Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki pral ogmante aksè ak èd pou chofaj kay epi ede idantifye plis granmoun aje ki elijib pou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) — yon pwogram federal ki disponib pou Nouyòkè yo, ke yo te aplike pou ede pwopriyetè kay ak lokatè ki gen ti revni yo peye depans ki asosye ak chofaj ak refwadisman. Atravè lejislasyon sa a, yo pral bay aplikan ak patisipan yo nan Pwogram Kouvèti Asirans Famasetik pou Granmoun Aje (Elderly Pharmaceutical Insurance Coverage, EPIC) enfòmasyon ak enstriksyon pou enskripsyon nan HEAP.

"Pwogram tankou HEAP ede remèt lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay di yo, ede chofe kay yo nan sezon ivè a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan ogmante salè minimòm nan rive nan chèk ranbousman enflasyon pwopoze nou yo, nou ap fè tout sa nou kapab pou atake kriz abòdabilite a tèt pou tèt."

Lejislasyon S.8760A/A.9369A gen rapò ak pwovizyon enfòmasyon HEAP pou patisipan pwogram EPIC yo. Depatman Sante (Department of Health, DOH), ki sipèvize EPIC ak aplikasyon li yo, pral bay enfòmasyon HEAP ak enfòmasyon sou enskripsyon ak chak aplikasyon EPIC epi tou atravè yon avi chak ane bay patisipan EPIC yo.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a ki pral pèmèt plis granmoun aje ki elijib nan Nouyòk vin konnen epi enskri nan asistans enpòtan ki pèmèt yo ekonomize sou depans yo ke Pwogram Asistans Enèji nan Kay la ofri. HEAP se yon liy sovtaj ki enpòtan pou fanmi travayè ki gen revni fèb yo ak granmoun aje sou yon revni fiks epi li bay sipò finansye tou pou asire moun ki nan sitiasyon ijans yo ka kenbe chalè a epi kenbe kay yo cho pandan mwa ivè frèt yo."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke gen yon kay ki an sekirite ak konfòtab, ki pwoteje kont eleman yo, se yon detèminan sosyal sante ki fondamantal pou amelyore rezilta sante yo. Nouyòk wè kèk nan tanperati ki pi frèt pandan sezon ivè a epi lwa enpòtan sa a pral asire granmoun aje ki pi vilnerab Nouyòk yo pwoteje kont frèdi san yo pa fè fas ak plis depans pou chofaj kay pa yo."

Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare, "Mwen kontan paske Gouvènè a te siyen S.8760A an lwa. Pwojè lwa enpòtan sa a pral ede bay Nouyòkè yo nan pwogram EPIC la enfòmasyon sou HEAP, pou asire yo resevwa avantaj esansyèl pou refwadisman ak chofaj si yo ta kalifye. Antanke Prezidan Komite pou Moun Aje, mwen rete angaje nan defann granmoun aje nou yo epi mwen pral kontinye defann lejislasyon ki ranfòse resous yo ak pwoteje byennèt yo, bay yo sipò yo bezwen pou yon avni ki pi an sante, ki pi an sekirite."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Antanke yon famasyon pratikan ki te travay kole ak patisipan EPIC yo depi nan kòmansman li, mwen byen abitye ak popilasyonki pral afekte pozitivman pa lejislasyon enpòtan sa a. Nan swen sante, nou souvan konsantre sou famasetik, tretman ak swen medikal, ki enpòtan anpil, men li enpòtan egalman pou adrese Detèminan Sante Sosyal yo (Social Determinants of Health, SDOH) - ki gen ladan lojman ak kapasite pou kenbe pri enèji yo abòdab. Lejislasyon sa a se yon etap kle nan ogmante konsyantizasyon sou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (HEAP) la pami benefisyè EPIC yo, anpil ladan yo ka deja kalifye men yo poko enskri. Mwen apresye Gouvènè Hochul ki siyen lwa sa a, paske li pral ede granmoun aje nou yo rete lakay yo, diminye depans enèji yo epi asire yo ka kontinye vin manm aktif nan kominote nou yo. Lè nou konble diferans sa a nan bay aksè ak asistans chofaj, n ap adrese yon bezwen vital ki sipòte dirèkteman sante ak byennèt popilasyon granmoun aje Nouyòk la."

Gouvènè Hochul te travay pou elaji kouvèti ak finansman pou Nouyòkè yo resevwa asistans chofaj pandan sezon ivè sa a. 12 novanm lan, Gouvènè Hochul te anonse ke gen plis finansman ki disponib pou granmoun aje ak fanmi ki gen revni fèb ak mwayen yo pou ede bese bòdwo chalè ak enèji yo. HEAP kapab bay jiska 996 dola pou fanmi ki elijib yo epi li mete plis pase 397 milyon dola nan pòch Nouyòkè yo.

Aplikasyon pou benefis HEAP regilye a te ouvri 1e novanm 2024 epi ou ka jwenn li [isit la](#). Granmoun aje ki bezwen asistans pou ranpli aplikasyon HEAP yo ka [kontakte biwo lokal pou vyeyès pa yo](#) oswa liy asistans NY Connects la nan 1-800-342-9871.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

